



Mizajou sou Parole CBP One ak Kesyon Moun Poze Souvan

Dènye Mizajou 31 Mas, 2026

IRC kreye resous pou kliyan ki Ozetazini ki ka afekte akòz mizajou sa a. Nou espere sa ap ede moun yo pi byen konprann dwa yo, chèche sipò ak jwenn sèvis yo bezwen. Sepandan, enfòmasyon sa a pa ranplase konsèy legal yon avoka oswa yon reprezantan akredite ki kalifye.

Sa ki te pase?

Nan dat 31 mas 2026, yon jij federal te deside administrasyon Trump lan **te mal mete fen nan estati parole** moun ki te antre Etazini avèk aplikasyon CBP One pandan administrasyon Biden soti 16 me 2023 pou rive 19 janvye 2025, epi ki te resevwa yon imèl nan Avril 2025 ki te di parole yo te kanpe.

Jij la te eksplike **Depatman Sekirite Enteryè (DHS) pa ka kanpe parole yon gwo gwoup moun an menm tan**. Tribinal la te jwenn DHS pa t suiv lalwa ni règleman pwòp li yo lè li te voye imèl an mas pou mete fen nan parole la. Olye de sa, **lalwa egzije gouvènman an pran desizyon sou parole, youn pa youn**, selon sityasyon endividyèl chak moun.

Akoz desizyon sa a, gouvènman an oblije anile tout revokasyon parole ki te fèt an mas yo. **Pou moun ki te resevwa imèl revokasyon sa a, estati parole ak otorizasyon travay ki gen rapò avèk li dwe retabli, depi yo toujou nan Etazini**. Jij la te bay DHS lòd pou retabli parole nasyonalman pou moun ki afekte pa kanpay imèl an mas sa. Administrasyon an fè konnen li gen entansyon fè apèl, sa vle di gen posibilite pou bagay yo chanje nan pwochen jou yo. Sepandan, depi yon tribinal siperyè pa chanje desizyon an, DHS oblije respekte lòd tribinal la.

Ki moun desizyon tribinal la kouvri?

Desizyon sa a aplikab pou moun ki: (1) **kounye a nan Etazini**, (2) **te antre Etazini ak aplikasyon CBP One ant 16 me 2023 ak 19 janvye 2025**, epi (3) **te resevwa yon imèl kanpay ann avril 2025 nan men DHS ki te di parole yo te kanpe epi ki te mande yo kite Etazini**. Desizyon an aplikab sèlman pou kanpay parole ki te fèt pa imèl an mas la, pa pou kanpay parole ki te fèt endividyèlman. Si ou te resevwa yon avi ki te adrese dirèkteman ba ou pèsonèlman ki te di parole ou te kanpe, desizyon sa a ka pa aplikab pou ou.

Èske sa vle di parole mwen retabli otomatikman?

Jij la te bay DHS lòd pou **retabli parole** pou moun ki afekte pa imèl kanpay la. Sa vle di ou **pwoteje legalman** avèk desizyon tribinal la, menm si sistèm DHS yo pa mizajou imedyatman. Sistèm DHS yo ka pran tan pou reflekte chanjman yo, epi gouvènman an ka bay enstriksyon siplemantè nan semèn k ap vini yo.

Pou verifye si parole ou retabli, ou ka tcheke dènye I-94 ou sou sit entènèt DHS:

<https://i94.cbp.dhs.gov/search/recent-search>. Menm si ou pa wè mizajou imedyat nan dosye w la, lòd tribinal la toujou aplikab depi yon tribinal siperyè pa chanje li.



Mizajou sou Parole CBP One ak Kesyon Moun Poze Souvan

Dènye Mizajou 31 Mas, 2026

Kisa ki rive ak otorizasyon travay mwen?

Paske otorizasyon travay pou anpil moun ki te antre ak CBP One te **baze sou parole**, reblisman parole a ta dwe sipòte **reblisman otorizasyon travay** la tou. USCIS poko bay enfòmasyon sou fason li pral bay dokiman pou montre renouvèlman otorizasyon travay pou moun ki afekte pa lòd tribinal la, donk ou ka gen yon reta pou jwenn dokiman ki montre pèmasyon pou travay ou. *Ou dwe **kenbe kopi tout ansyen dokiman parole ou ak otorizasyon travay ou yo.***

Otorizasyon libète kondisyonèl/travay mwen an ekspire. Èske mizajou sa renouvle oswa pwolonje otorizasyon libète kondisyonèl/travay mwen an?

*Desizyon jij la pa di anyen sou renouvèlman oswa pwolonje otorizasyon libète kondisyonèl oswa travay. Si dat ekspirasyon dènye peryòd libète kondisyonèl oswa otorizasyon travay ou a deja pase, desizyon sa a **PAP retabli oswa pwolonje libète kondisyonèl oswa otorizasyon travay ou.***

Èske sa vle di mwen ka rete nan peyi a pou kounye a?

Si parole ou te kanpe sèlman **akoz imèl kanpay CBP One an mas la, lòd tribinal la anpeche DHS konte sou imèl sa yo.** Ou pa ta dwe kite Etazini oswa 'retounen volontèman' sèlman **akoz mesaj sa yo.** Ou dwe pale ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan akredite pi vit posib pou pi byen konprann opsyon ou yo.

Èske sa ban mwen estati pèmanan oswa azil?

Non. Desizyon sa a **pa bay estati legal pèmanan**, azil, oswa nenpòt lòt avantaj imigrasyon alontèm oswa chemen ki mennen sou estati pèmanan. **Parole rete yon pèmasyon tanporè pou rete Etazini pandan w ap pousuiv yon demann ijans imigrasyon**, epi nenpòt ka imigrasyon k ap tann (tankou aplikasyon azil oswa pwosedi tribinal) kontinye separeman. *Pa bliye: gen yon delè yon ane pou depoze aplikasyon azil, sa konte depi jou ou te antre nan peyi a.*

Kisa ki rive si mwen gen yon ka azil oswa yon ka tribinal imigrasyon k ap tann?

Ka azil oswa imigrasyon ou a ap **kontinye jan yo te planifye** li a. Desizyon tribinal la afekte sèlman kanpay parole a men li **pa kanpe oswa tranche demann azil ou oswa obligasyon tribinal ou.** Ou dwe kontinye asiste tout randevou ak odyans yo epi konfòme ou ak tout kondisyon ki gen rapò ak nenpòt ka k ap tann nan USCIS oswa tribinal imigrasyon.

Kisa ki rive si DHS te kanpe parole mwen pou yon lòt rezon?

Si parole ou te kanpe oswa revoke pou **rezon endividyèl** (tankou akizasyon kriminel oswa konklizyon espesifik ki pa gen rapò ak kanpay imèl an mas CBP One), desizyon sa a ka pa aplikab pou ou. Si ou pa konnen poukisa parole ou te kanpe, ou dwe pale ak yon avoka imigrasyon.



Mizajou sou Parole CBP One ak Kesyon Moun Poze Souvan

Dènye Mizajou 31 Mas, 2026

Kisa mwen ta dwe fè kounye a?

Pou kounye a, gen kèk etap senp ou ka pran pou rete enfòm epi prepare:

- **Kenbe dokiman ou yo an sekirite.** Sere tout kopi tout papye parole, pèmi travay (EAD), ak mesaj oswa lèt ou te resevwa nan men DHS oswa USCIS. Kenbe tout dosye imigrasyon ou yo, espesyalman prèv antre oswa randevou CBP One Etazini, sitou si ou te antre pandan peryòd la, ak imèl kanpay parole nan avril 2025 la.
- **Tcheke mizajou regilyèman epi fè atansyon ak nenpòt nouvo avi ki soti nan DHS**

Veye nouvèl imèl, ak notifikasyon nan men DHS. Tcheke dènye I-94 ou regilyèman sou sit DHS: <https://i94.cbp.dhs.gov/search/recent-search>. Si ou resevwa nouvo mesaj oswa lèt nan men DHS, li yo avèk anpil atansyon epi konsidere kontakte yon òganizasyon sèvis legal ou fè konfyans oswa yon avoka pou jwenn èd pou konprann prochèn etap yo.



- **Fè atansyon ak vwayaj oswa gwo chanjman.** Gwo desizyon tankou vwayaje deyò Etazini oswa fè chanjman ki gen rapò ak estati imigrasyon ou ka gen gwo konsekans, donk li pi bon pou ou rete epi rasanble enfòmasyon an premye.

Ki kote mwen ka jwenn plis èd?

Jwenn Founisè Sèvis Legal Imigrasyon nan zòn ou:

Rezo Defansè Imigrasyon	Asosyasyon Avoka Imigrasyon Ameriken yo	ASAP Lis avoka prive	Liy Rezo Repons Rapid Dirèk